

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Data jeung Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta kalimah salancar jembar anu disusun tina struktur jeung semantik. Data kalimah salancar jembar dicokot tina sumber data.

Sumber data dina panalungtikan nya éta subjék dimana data éta dimeunangkeun. Saupama panalungtik ngagunakeun téhnik dokuméntasi, mangka dokumén atawa catetan nu jadi sumber data, sedengkeun ari eusi catetan disebut subjék atawa variabel panalungtikan (Arikunto, 2010:172). Ieu panalungtikan ngagunakeun ragam basa tulis tina karangan sarta minangka sumber datana. Sumber datana nya éta novél *Laleur Bodas* karangan SAMSU. Ari datana nya éta sakabéh kalimah anu ngandung kalimah salancar jembar dina novél *Laleur Bodas* karangan SAMSU.

Novél *Laleur Bodas* mangrupa novél karangan SAMSU (Sambas jeung Susangka). Ieu novél medal taun 2002 anu dikaluarkeun ku Kiblat Buku Utama nu perenahna di Bandung. Ieu novél kandelna 92 kaca,

Eusi dina novél *Laleur Bodas* téh caritana basajan, henteu pabeulit cara ilaharna carita misteri, tapi henteu weléh ngahudang kapanasaran anu macana. Pangarangna tapis pisan dina ngarahasiaheun saha saenyana “Laleur Bodas” téh, nu kakara tétéla sabada carita geus méh tamat. Sanajan novél *Laleur Bodas* ditulis saméméh perang, leuwih ti satengah abad ka tukang, tapi ku lantaran anu dicaritakeunana sipat-sipat manusa anu langgeng, da kiwari ogé masih kénéh nyampak nya éta sirik, sarakah, dengki, timburu jeung sabangsana, ku kituna ku nu macana baris angger karasa aktual.

3.2 Metode Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa salah sahiji cara pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan. Sakumaha anu ditétélakeun ku Arikunto (2010: 192), yén métode dihartikeun minangka cara-cara nu bisa digunakeun pikeun ngumpulkeun data.

Bogdan & Biklen, S (dina Saéful Rahmat, 2009) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif nya éta salah sahiji prosedur panalungtikan nu ngahasilkeun data déskriptif nu mangrupa omongan atawa tulisan jeung paripolah jalma nu ditalungtik.

Pamarekan kualitatif nya éta métode panalungtikan dumasar kana falsafah *postpositivisme*, digunakeun pikeun nalungtik hiji kondisi alamiah, dimana nu nalungtik jadi kunci tina instrumén panaluntikanana, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi (*gabungan*), analisis data miboga sipat induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikan kualitatif leuwih condong kana *makna* tibatan *generalisasi* (Sugiyono, 2011: 09).


Ieu panalungtikan maké métode déskriptif nya éta métode anu dipaké pikeun ngaréngsékeun hiji masalah aktual nalika lumangsungna panalungtikan. Anu didésripsikeun dina ieu panalungtikan nya éta perkara kalimah salancar jembar dina novél *Laleur Bodas* karangan SAMSU anu ditilik tina struktur kalimah salancar jembar nu ngawengku pola-pola kalimah, fungsi, katégori jeung peran unsur fungsionalna. Ogé ditilik tina semantik anu mangrupa harti kalimah salancar jembar anu disawang tina harti unsur fungsional kateranganna.

3.3 Desain Panalungtikan

Dina ngalaksanakeun panalungtikan saméméhna dijabarkeun heula ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan. Éta léngkah-léngkah panalungtikan digambarkeun dina wangun bagan, tujuanna sangkan gampang ngajelaskeunana (Arikunto, 2010:60).

Desain panalungtikan nya éta sakabéh proses nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan jeung prak-prakan panalungtikan. Éta desain panalungtikan téh digambarkeun saperti :

Bagan 3.1: Desain Panalungtikan



3.4 Wangenan Operasional

Wangenan operasional mangrupa hal anu kacida pentingna dina hiji panalungtikan, sangkan leuwih jéntré, puguh maksud, tujuan sarta udaganna, ogé teu nimbulkeun rupa – rupa tafsiran, di handap baris ditataan heula istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

1) Kalimah salancar

Kalimah salancar jembar nya éta kalimah salancar anu diwangun ku unsur-unsur fungsional wajib jeung ditambah ku unsur-unsur panambah. Unsur panambah dina ieu kalimah téh mangrupa adverbial (katerangan), boh dibarengan udagan jeung panglengkep boh henteu. Éta katerangan téh nyicingan hiji fungsi dina klausa.

2) Struktur kalimah

Struktur kalimah salancar jembar mangrupa pola dina ngawangun kalimah, struktur kalimah mibanda unsur fungsional kalimah nu mangrupa *jejer, caritaan, objék, komplemen* jeung *katerangan*.

3) Semantik

Semantik nya éta salah sahiji élmu linguistic anu maluruh ngeunaan makna atawa harti.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumen panalungtikan nya éta alat anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data sangkan panalungtikan leuwih gampang jeung hasil anu hadé, dina harti lengkep jeung sistematis nepi ka gampang diolah (Arikunto dina Ulfah, 2015, kc. 27).

Ieu panalungtikan ngagunakeun kartu data salaku alat atawa instrument panalungtikan. Eusi dina kartu data nya éta cutatan data kalimah salancar jembar dina novél *Laleur Bodas* karya Samsu. Dina unggal ungkara nu ngandung kalimah salancar jembar dina novél *Laleur Bodas* karya SAMSU disalin kana éta kartu data, sarta dieusian ku cutatan data (kartu) diébréhkeun kode sumber data, kaca, jeung alinéa. Sangkan leuwih anteb, contona saperti kieu.

Bagan 3.2 :Kartu Data

KARTU DATA	
<i>(Kalimah Salancar Jembar anu Dicutat)</i> . (ID Sumber Cutatan)	
Struktur Kalimah	:
F (Pola)	:
K	:
P	:
Harti Kalimah	:

Keterangan kartu data :

- (a) Kalimah salancar jembar anu dicutat
- (b) ID sumber cutatan

ID sumber cutatan dina ieu kartu data nya éta saperti ieu di handap:

(Singgetan Judul Novél/Kaca/Alinéa)

- (c) Analisis

- Struktur Kalimah

Analisis Struktur kalimah diantarana nya éta:

F : Analisis fungsi gramatikal unsur-unsur fungsional kalimah

K : Analisis katégori unsur-unsur fungsional kalimah

P : Analisis peran unsur-unsur fungsional kalimah.

- Harti Kalimah

Nya éta analisis harti kalimah salancar jembar anu disawang tina unsur fungsional katerangan.

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ulikan pustaka (studi pustaka). Nurutkeun Nazir (2014, kc. 79) téhnik ulikan pustaka mangrupa survéy kana data anu geus aya, neuleuman tiori-tiori anu geus aya sarta ditalaah kalawan gemet. Nurutkeun Arikunto (2013, kc.85) nétélakeun

yén téhnik ulikan pustaka dilaksanakeun ku cara nalaah buku sumber nu geus aya patalina jeung konsép téoritis sarta bahasan pasualan panalungtikan

Léngkah-léngkah téhnik studi pustaka ngaliwatan sababaraha tahapan di handap.

- 1) Maca novél *Laleur Bodas* karya Samsu.
- 2) Nyirian kalimah anu kaasup kana kalimah salancar jembar.
- 3) Nyalin kalimah salancar jembar kana kartu data.

3.7 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik analisis unsur langsung, ieu téhnik téh ngaliwatan sababaraha tahapan anu ditétélakeun di handap.

- 1) Mariksa deui sakabéh data kalimah salancar jembar anu geus disusun sacara alfabetis.
- 2) Nangtukeun papasingan kalimah salancar jembar.
- 3) Nganalisis data tina papasingan kalimah salancar jembar.
- 4) Ngitung persentase papasingan kalimah salancar jembar.
- 5) Ngadéskripsikeun kalimah salancar jembar dumasar kana struktur jeung harti dina kalimah basa Sunda.
- 6) Nafsirkeun jeung nyindekkeun perkara struktur jeung harti kalimah salancar jembar.

